

Tranzisyon Dijital La

Kisa tranzisyon TV dijital la (DTV) ye?

Chanjman sòti nan analòg ale nan dijital difizyon televizyon rele tranzisyon dijital TV (DTV). An 1996, Kongrè Ameriken an bay otorizasyon pou distribisyon yon chèn difizyon anplis pou chak estasyon difizyon TV pou yo kab kòmanse yon chèn difizyon dijital pandan yap kontinye difizyon chèn analogik yo. Apre sa Kongrè a dekrete ke 17 fevriye 2009 pral dènye jou pou tout gwo estasyon televizyon yo pou yo difize analogik. Estasyon difizyon sou tout mache ameriken an aktyèlman ap difize nan tou le de, analogik ak dijital. Apre 17 fevriye 2009, gwo estasyon televizyon yo pral fè difizyon an dijital sèlman.

[Retounen nan Kesyon yo](#)

Poukisa nap chanje pou DTV?

Yon benefis empòtan de chanjman tout difizyon an dijital sè ke lap pèmèt libere yon gwo pati nan espas difizyon yo pou komunikasyon pou sekirite publik jwenn (tankou, polis, ponpye, ak ekip sekou). Epi, kèk nan espas yo pral vann bay de konpayi ki pral founi bay kliyantèl la sèvis pi avanse nan sanfil (tankou laj bann sanfil).

Kliyantèl la pral benefisiye tou paske difizyon dijital pèmèt estasyon yo ofri imaj amelyore ak pi bon kalite son, epi dijital pi efikas pase analogik. Pa egzanp, olyè pou yo limite a yon sèl pwogram analogik, yon difizè kapab ofri yon ekstra klè "definisyon wo" (high definition) (HD) dijital oubyen plizyè « definisyon estanda »(standard definition) (SD) pwogram dijital an menm tan pa yon pwosesis yo rele « difizyon miltip » (multicasting). Difizyon miltip pèmèt estasyon pwogram difizyon yo ofri plizyè chèn pwogram dijital an menm tan, pandan yap sèvi ak menm kantite espas ki nesesè pou yon sèl pwogram analogik. Kidonk, pa egzanp, pandan estasyon an ap difize an analogik sou chèn 7 li kab ofri kliyan yo yon pwogram dijital sou chèn 7-1, yon dezyèm pwogram dijital sou chèn 7-2, yon twazyèm sou chèn 7-3, elatriye. Sa ki vle di plis pwogram pou kliyan an chwazi.

[Retounen nan Kesyon yo](#)

Kisa m bezwen pou m pare pou lè TV analogik ap sispan fè difizyon?

Paske Kongrè a dekrete ke dènye jou pou gwo estasyon televizyon yo difize an analogik pral 17 fevriye 2009, difizyon TV pa-lèzè yo pral dijital sèlman apre dat sa a. Si w gen youn oubyen plizyè TV ki kapte pwogram gratis pa-lèzè (ak yon antènn sou tèt kay la oubyen yon antènn « zorèy lapen » sou TV a), kalite televizyon ou genyen an trè enpòtan. Yon televizyon dijital (yon TV ak yon « tuner » dijital andidan l) pral pèmèt w kontinye gade pwogram gratis pa-lèzè apre 17 fevriye 2009. Sepandan, si w genyen yon TV analogik, ou pral bezwen yon bwat konnvètè dijital-pou-analogik pou kontinye swiv pwogram difize sou televizyon sa a. Bwat konnvètè sa a pral pèmèt w tou pou swiv pwogram difizyon miltip an plis ke estasyon lokal w yo ap ofri.

Pou ede kliyantèl la ak tranzisyon DTV a, Gouvènman an table yon Pwogram Koupon pou Bwat Konnvètè Dijital-pou-Analogik. Administrasyon Nasyonal Telekomunikasyon ak Enfòmasyon (NTIA), yon branch Depatman Komès la, ap administre pwogram sa a. Chak fanmi nan Lèzetazini elijib pou resevwa jiska de (2) koupon, yon valè \$40 chak, pou achète bwat konnvètè dijital-pou-analogik ki elijib. A komanse an janye 2008, NTIA déjà kòmanse aksepte aplikasyon

pou koupon. Koupon sayo kapab sèvi sèlman pou bwat konnvètè elijib yo ke yo vann nan magazin elektronik k'ap patisipe yo, e koupon yo fèt pou sèvi nan moman acha a. (Tanpri, remake ke koupon yo pral ekspire 90 jou apre yo fin voye yo). Fabrikan yo estime ke bwat konnvètè dijital-pou-analogik pral vann pou sòti \$40 rive \$70 chak. Se yon depans pou yon sèl fwa. Pou plis enfòmasyon sou Pwogram Koupon pou Bwat Konnvètè Dijital-pou-Analogik, vizite www.dtv2009.gov, oubyen rele 1-888-388-2009 (vwa) oubyen 1-877-530-2634 (data) (TTY).

Kliyan TV kab ak satelit ki gen TV analogik branche sou sèvis kab oubyen satelit yo p ap afekte pa sispansyon difizyon analogik gwo estasyon yo rive 17 fevriye 2009.

[Retounen nan Keson yo](#)

Èske fòk mwen tann jis 17 fevriye 2009 pou m gade DTV?

Non, gen televizyon dijital disponib depi kounye a. Si w ap swiv televizyon pa-lèzè jodi a, ou dwe kapab resevwa tout oubyen laplipa siyal dijital estasyon lokal yo si w gen yon reseptè DTV. Ou kapab swiv pwogram « wot definisyon »(high definition) ak « difizyon miltip » sou estasyon lokal yo. Cheke lis pwogram estasyon lokal w yo pou konnen plis osijè televizyon dijital kounye a. Sit entènèt espesyal FCC a, www.dtv.gov, gen plis enfòmasyon sou televizyon dijital, oubyen rele nan 1-888-225-5322 (data 1-888-835-5322).

[Retounen nan Keson yo](#)

Èske dat 17 fevriye 2009 pou tèmine difizyon analogik gwo estasyon televizyon yo ap ranvwaye ?

Lalwa Federal dekrete ke 17 fevriye 2009 se dènye jou pou gwo televizyon yo fè difizyon analogik. Ajans gouvènman, endistri, gwoup enterè piblik ak lòt òganizasyon enterese ap travay di pou asire ke yo pare pou dat la e tout moun pare pou fini difizyon analogik yo.

[Retounen nan Keson yo](#)

Si m gen yon ansyan televizyon analogik, èske fòk mwen voye I jete apre 17 fevriye 2009?

Non. Yon bwat konnvètè dijital-pou-analogik pral pèmèt ou sèvi ak TV analogik ou genyen an pou swiv difizyon dijital pa-lèzè. Ou pa bezwen jete TV analogik ou a. De plis, TV analogik la dwe kontinye travay tankou lontan si li konekte sou sèvis abònman tankou kab ak satelit. Epi, aparey TV analogik yo fèt pou kontinye travay ak pipit jwèt elektwonik yo, videoyo, jwè DVD ak tout pwodwi menm jan yo ke wap utilize kounye a.

[Retounen nan Keson yo](#)

Televizyon

Si m vle yon TV nèf, èske fòk mwen achte yon TV « High Definition »(HDTV) pou m swiv difizyon televizyon dijital apre yo fin fè tranzisyon an?

Non. Li enpòtant pou konprann ke tranzisyon DTV a se yon tranzisyon de difizyon analogik pou ale nan difizyon dijital. Se pa yon tranzisyon de difizyon analogik pou difizyon « Wot Definisyon ». Difizyon dijital pèmèt difizyon « High Definition », men li pa nesesè pou gen « Wot Definisyon » an, e ou pa bezwen achte yon HDTV pou gade TV dijital. Yon « Definisyon Estanda » DTV (ki se senpleman yon TV ki gen yon « tuner » dijital andedan kay la), oubyen yon bwat konnvètè dijital-pou-analogik ki ploge nan TV, se tout sa w bezwen pou swiv difizyon televizyon pa-lèzè. Difizyon TV dijital enkli fòma pou « Definisyon Estanda »(SD) ak « Wot Definisyon »(HD). Ou gen dwa swiv pwogram « Wot Definisyon » sou yon DTV « Definisyon Estanda » (oubyen sou yon TV analogik ki branche sou yon bwat konnvètè dijital-pou-analogik), men li p ap nan kalite « Wot Definisyon ». Li enpòtant tou pou konnen ke « Definisyon Estanda » DTV vann apeprè menm pri ke TV analogik ki gen menm gwosè a.

Retounen nan Kesyon yo

Kouman pou m si map achte yon TV dijital (DTV)?

Selon lalwa, a komanse le 1e Mas 2007, tout aparèy reseptè TV (ikonpri TV, videoyo, DVR elatriye.) ke yo enpòte vin Ozetazini oubyen ekspedye nan komès ant leta yo fèt pou genyen yon « tuner » dijital andedan kay la. Komèsan gen dwa kontinye vann aparèy analogik-sèlman ke yo genyen nan estòk yo, men fèt pou ekspoze sou, oubyen toupre, aparèy la yon etikèt ki ekri sa:

AVÈTISMAN POU KLIYAN

Reseptè televizyon sa a gen yon « tuner » pou difizyon analogik sèlman e li pral bezwen yon bwat konnvètè apre 17 fevriye 2009 pou kapte difizyon pa-lèzè ak yon antènn akòz ke tout nasyon an fè tranzisyon pou difizyon digital. TV analogik sèlman yo fèt pou kontinye travay tankou anvan ak sèvis kab ak satelit, pipit jwèt yo, videoyo, aparèy DVD ak lòt pwodui menm jan yo. Pou plis enfòmasyon, rele Komisyon Federal pou Kominikasyon nan 1-888-225-5322 (data(TTY): 1-888-835-5322) oubyen vizite sit entènèt Komisyon an nan : www.dtv.gov.

Kidonk, tout ekipman televizyon k ap van fèt pou gen yon « tuner » digital, oubyen fèt pou idantifye ke l pa genyen l depi nan kote y ap vann yo. Ou fèt pou konnen etikèt sa a ak limitasyon aparèy analogik-sèlman genyen si w ap achte yon nouvo TV oubyen lòt eqipman pou TV.

Retounen nan Kesyon yo

Kouman pou m konnen si mwen déjà ap resevwa pwogram dijital nan sèvis kab oubyen satelit pou TV a ?

Anpil DTV ak ekipman televizyon dijital pral gen etikèt oubyen make sou yo, oubyen paragraph nan ti liv enfòmasyon sou materyèl ki vin ak aparèy yo, pou di ke yo gen « tuner » dijital. Etikèt sayo gen dwa gen faz tankou « Integrated Digital Tuner », « Digital Tuner Built-In », « Digital Receiver », oswa « Digital Tuner », « DTV », « ATSC », oswa « HDTV » (Televizyon Wot Definisyon). Si ekipman televizyon a gen nenpòt nan etikèt sayo, ou dwe kapab gade pwogram dijital pa-lèzè san w pa bezwen yon bwat konnvètè dijital-pou-analogik. (Sonje, ou pa bezwen yon HDTV pou gade pwogram gratis pa-lèzè. Osi lontan ekipman televizyon w la gen « tuner » dijital, ou kapab gade dijital pa-lèzè. Yon HDTV nesesè sèlman si w vle gade pwogram « Wot Definisyon » nan yon kalite HD). Ou fèt pou tcheke ti liv oubyen lòt materyèl ki vini ak ekipman televizyon yo pou kab konnen si yo gen yon « tuner » dijital.

Si aparèy televizyon w la make « Monitè Dijital » (Digital Monitor) oubyen « Monitè HDTV » oubyen « Pare pou Dijital » (digital ready) oubyen « Pare pou HDTV », sa pa vle di ke li vreman gen yon « tuner » dijital. Kidonk, w ap toujou bezwen yon bwat « set-up » (Konfigirasyon) separe ki gen yon « tuner » dijital pou kapab gade pwogram dijital pa-lèzè.

Ou gen dwa achete bwat « set-up » dijital pa-lèzè pou « Monitè » Dijital oubyen HD nan magazin detay yo. Founisè TV kab ak satelit gen dwa vann oubyen lwe bwat « set-up » dijital pou sèvis espesifik yo. (Remak : bwat set-up dijital ki dekri isit la pa menm ak bwat konnvètè dijital-pou-analojik ki dekri piwò a, ki sèvi pou konvèti difizyon gratis pa-lèzè pou gade sou aparèy TV analogik yo).

Si televizyon w la gen etikèt « analogik » oubyen « NTSC », e li PA gen etikèt ke li gen « tuner » dijital, li gen « tuner » analogik sèlman.

Si w pa kapab konnen si aparèy televizyon w la oubyen lòt ekipman TV yo gen yon ‘tuner’ dijital, cheke ekipman w yo pou jwen non fabrikan an ak nimewo modèl la epi kontake vandè ekipman elektwonik w yo, oubyen fabrikan an, pou konnen si li gen yon « tuner » dijital. Ou gen dwa jwenn enfòmasyon sa a sou entènèt nan sit fabrikan an.

Kòm tout estasyon televizyon nan Lezetazini deja ap fè difizyon an dijital, kliyantèl la kapab gade DTV jodi a. Ou kapab kontakte estasyon difizyon lokal ou yo pou konnen sou ki chèn estasyon yo ap aktyèlman difize pwogram dijital yo. Apre sa, ou fèt pou asire w ke televizyon w la pare pou resevwa pwogram pa-lèzè (ki differan ke lè l konekte sou yon sèvis kab oubyen satelit ke w ap peye), epi branche sou chèn dijital pa-lèzè pou w wè si w kapab resevwa difizyon pwogram dijital yo.

[Retounen nan Keson yo](#)

Ki diferans ant DTV « Entegre » ak « Monitè » DTV oubyen HDTV?

Yon aparèy TV Entegre se yon televizyon ki gen yon « tuner » dijital bati ladann (ke yo rele tou « DTV »). Defwa, yo gen dwa rele yon « tuner » dijital yon dekodè DTV oubyen yon reseptè DTV. Si w gen yon DTV Entegre, ou pral bezwen plis ekipman, aleksepsyon de yon antènn (ke pou l twati kay la ke l pou ploge nan aparèy la), pou w kapab resevwa difizyon pwogram dijital pa-lèzè. DTV entegre gen dwa resevwa tou difizyon pwogram analogik, kidonk ou kapab kontinye swiv difizyon analogik yo.

Au kontrè, yon Monitè DTV pa kapab resevwa difizyon pwogram dijital san l pa gen ekipman anplis; li se senpleman yon aparèy pou montre ki pa gen kapasite pou l develop resepsyon DTV. Yon “set-top” dijital oubyen HD fèt pou konekte ant antènn la ak monitè a pou resevwa ak montre pwogram dijital pa-lèzè oubyen HD.

Si w gen yon Monitè dijital oubyen HD epi w ta renmen achte yon bwat « set-up » dijital oubyen HD pou gade pwogram pa-lèzè, konfimen ak vandè a ke bwat « set-up » la konpatib ak Monitè w la.

[Retounen nan Keson yo](#)

E pou vidéyo a (VCR), jwè DVD a, aparèy pou filmen vidéyo, epi pipit jwèt elektwonik la? Èske mwen pral kapab sèvi avèk yo sou televizyon dijital la ?

Wi. Aparèy televizyon dijital yo « konpatib backward », sa vle di ekipman analogik yo (VCR, aparèy DVD, pipit jwèt elektwonik, jwèt vidéyo, eks.) pral travay sou aparèy TV dijital la. Sepandan, vidéyo pral montre sèlman nan pli gran (maksimòm) rezolisyon ke chak pwodwi genyen. Fabrikan yo ap pwodwi differan konektè pou ploge ekipman yo ansanm e amelyore kalite

imaj ak son yo lè w ap sèvi ak DTV pou ekipman analogik yo. Verifye ak vandè w la pou konnen ki kalite konektè ki pral sèvi pou ekipman w yo.

[Retounen nan Keson yo](#)

Kouman pou m jwenn pwogramasyon DTV oubyen HDTV ?

Pou kapab resevwa pwogram dijital pa-lèzè (okontrè de pwogram dijital pou peye tankou sèvis kab oubyen satelit), ou pral bezwen: (1) yon DTV (TV ak « tuner » dijital) oubyen yon TV analogik konekte nan yon bwat konnvètè dijital-pou-analogik ak (2) yon antèn difizyon (oubyen youn sou tèt kay oubyen youn « zòrèy lapen » ki konekte sou aparèy w a). An jeneral, yon antèn ki bay resepsyon de bòn kalite pou difizyon analogik pa-lèzè pral mache pou difizyon TV dijital la.

W ap jwenn yon lis tout estasyon nan Lezetazini k ap fè difizyon pwogram dijital nan <http://www.fcc.gov/mb/video/files/dtvonair.html>. Sèvis TV satelit ak anpil sistèm kab aktyèlman ap ofri pwogram dijital. Kliyan yo dwe cheke ak founisè sèvis yo pou wè ki pwogram dijital ki disponib nan zòn yo.

[Retounen nan Keson yo](#)

Eske mwen pral bezwen yon antèn espesyal pou m resevwa DTV pa-lèzè?

An jeneral, bon jan resepsyon pwogram TV dijital pa-lèzè pral bezwen menm estil ekipman siyal resepsyon k ap aktyèlman travay pou bay bon kalite resepsyon pou pwogram TV analogik. Si w bezwen yon antèn sou tèt kay pou resevwa difizyon TV analogik, menm antèn la pral travay pou resevwa difizyon TV dijital. Ou pa ta fèt pou gen pou achte yon nouvo antènn ki make « pare pou dijital » oubyen « pare pou HD ».

[Retounen nan Keson yo](#)

Kisa k pral rive vye TV analogik yo ke yap ranplase pa DTV ? Èske pral gen yon zefò k ap fèt pou resikle yo ?

Gen pwogram pou resikle vye TV analogik yo pou sa ki vle jete yo oubyen vye pwodwi elektwonik (men sonje, TV analogik yo gen dwa kontinye sèvi apre tranzisyon an). Youn nan pwogram sayo se *myGreenElectronics*. Nan pwogram sa a ou kapab aprann diferan jan pou debarase w de yo ak lokalize pwogram resiklaj bò lakay w. Ale nan <http://www.mygreenelectronics.org> pou w jwenn plis enfòmasyon.

[Retounen nan Keson yo](#)

Kab ak Satelit

Èske tranzisyon DTV a pral afekte aparèy televizyon ki konekte ak sèvis kab ?

Non. Si w abone nan yon sèvis kab, tranzisyon DTV a pata fèt pou afekte nenpòt aparèy TV ki konekte ak yon sèvis kab. Tranzisyon DTV a aplike sèlman pou gwo estasyon difizyon televizyon yo – estasyon ki sèvi ak espas pa-lèzè publik pou transmèt pwogram yo pa yon antènn difizyon.

[Retounen nan Kesyon yo](#)

Èske FCC ap fè konpayi kab yo chanje pou sèvis dijital ?

Non. Konpayi kab yo pa oblige chanje pou sèvis dijital. Konpayi kab yo gen dwa chwazi bay sèvis yo anantye oubyen anpati dijital, men yo pa oblige chanje sèvis y ap bay jodi a. Dayè, FCC mande pou konpayi kab yo kontinye founi estasyon lokal yo ak analogik osilontan ke yap bay nenpò sèvis analogik, menm apre 17 fevriye 2009.

[Retounen nan Kesyon yo](#)

Èske konpayi kab mwen an pral fè m jwenn yon bwat pou resevwa chèn kab ke map resevwa jodi a san bwat ?

Kèk konpayi kab deside pou yo chanje pou sèvis dijital. Se yon desizyon biznis ke konpyi kab yo fè e se pa gouvènman federal la ki oblige yo. Konpayi kab w a gen dwa deside deplase sèten chèn sòti de sèvis analogik la epi mete yo nan sèvis dijital la, oubyen li gen dwa deside chanje tout sèvis yo yon gress moman an, kifè pa ta gen okenn sèvis analogik pou okenn abone. Si konpayi kab ou a deside deplase sèten oubyen tout chèn li genyen yo nan sèvis dijital la, li pral avize w ke w bezwen yon ekipman « kab dijital » pou kontinye resevwa sèvis kab. Li gen dwa enkli pou w lwe oubyen achte yon bwat « set-up » dijital kab oubyen achte yon TV dijital pare pou kab ki gen yon koneksyon pou mete « CableCARD ». Ekipman kab dijital la diferan de bwat konnvètè dijital-pou-analogik la ke yo sèvi pou resevwa siyal difizyon pa-lèzè.

[Retounen nan Kesyon yo](#)

Kouman pou m konnen si mwen déjà ap resevwa pwogram dijital nan sèvis kab oubyen satelit pou TV a ?

Ou gen dwa resevwa pwogram dijital si w abone a yon dijital oubyen HD pake ke founisè w bay epi w ap swiv pwogram dijital yo sou yon aparèy dijital. Sepandan, sèvis kab dijital ak stelit pa oblige nan DTV. Sistèm TV kab oubyen satelit la gen dwa ap sèvi ak teknoloji dijital kòm yon fason pi efikas pou delivre pwogram analogik yo bay w. Si w gen yon aparèy televizyon analogik, siman ou pap resevwa dijital, menm si resepsyon an gen dwa amelyore yon ti kras. Tcheke ak founisè TV kab oubyen satelit la pou konnen ki kalite pwogram ou kab resevwa, epi ki ekipman ou pral bezwen pou resevwa yo.

[Retounen nan Kesyon yo](#)

Sèvis kab mwen an ap ofri yon pake (gwoup) sèvis kab dijital. Èske se menm bagay ak HDTV ?

Non. « Kab dijital » ak pwogram « wot definisyon » sou kab pa menm. Si w vle gade pwogram HDTV sou kab, ou pral gen pou abone ak founisè kab w a pou pake HDTV li bay la epi gade pwogram yo sou yon aparèy HDTV. Ou gen dwa tou bezwen yon bwat « set-up » oubyen lòt ekipman pou gade pwogram HDTV. Tcheke ak founisè kab ou a pou konnen ki kalite pwogram ou kab resevwa, epi ki ekipman ou bezwen pou w kab resevwa l.

[Retounen nan Keson yo](#)

Èske rezo TV kab yo, tankou CNN, MSNBC, Lifetime, elatriye..., gen pou yo chanje pou difizyon dijital tou ?

Non. Sa ki nesesè kounye a pou chanje sòti nan analogik pou ale nan dijital aplike sèlman pou gwo estasyon difizyon TV yo, ki sèvi ak espasiblik pa-lèzè pou bay pwogram pa-lèzè gratis. Sepandan, pandan founisè kab yo ap konvèti pou transmisyon dijital sou sistèm yo, ou gen dwa bezwen abone a sèvis dijital yo pou w kab kontinye resevwa pwogram sèvis sa a ki pa pa-lèzè.

[Retounen nan Keson yo](#)

Èske sistèm kab mwen an kapab deplase pwogram yo sou yon nivo dijital kap fè m abone nan yon sèvis dijital ?

Sistèm kab w a deside kilè e si wi ou non pou bay pwogram nan yon nivo dijital, sa ki gen dwa vle di w ap bezwen ekipman dijital. Sepandan, tout estasyon lokal w yo pral kontinye disponib nan fòm analogik pou tout tan ke sistèm kab w a ofri nenpòt sèvis analogik.

[Retounen nan Keson yo](#)

Èske kliyan konpayi kab yo ki gen TV analogik fèt pou achte oubyen lwe yon bwat « set-up » nan men yo? Si se vre, konbyen kòb li pral koute ?

Premyèman, li enpòtan pou konnen ke dat 17 fevriye 2009 pou tranzisyon TV dijital la fin fèt aplike sèlman a gwo estasyon difizyon yo. Gouvènman an pa oblige Konpayi kab yo pou yo fè tranzisyon sistèm yo pou dijital, e yo kapab kontinye bay sèvis chèn yo pou kliyan analogik yo. Aktyèlman, FCC a mande konpayi kab yo pou yo kontinye bay sèvis difizyon estasyon lokal yo pou kliyantèl la an analogik osilontan ke yo ofri nenpòt sèvis analogik. Demann sa a pral kontinye pandan omwens twa zan apre 17 fevriye 2009. Komisyon an pral deside an 2011 si demann la dwe kontinye apre 17 fevriye 2012. Sa vle di ke kliyan k ap resevwa sèvis kab analogik (san yon bwat « set-up ») pral kapab kontinye fè l.

Sepandan, pou rezon biznis (pami lòt bagay, dijital pi efikas anpil pase analogik), konpani kab yo gen dwa enterese nan fè tranzisyon sistèm yo pou yon transmisyon dijital. Si yon konpany kab fè desizyon biznis pou ale an antye pou dijital (ki vle di li pral sispann ofri oken chèn an analogik bay kliyan l yo), li fèt pou l asire ke kliyan analogik yo kapab kontinye resevwa estasyon lokal yo. Sa gen dwa vle di ke kliyan ki gen aparèy televizyon analogik yo pou yo gen yon bwat "set-top". Si konpany kab la ap founi yon bwat «set-up » bay kliyan an, nenpò frè an relasyon avèk li pral detèmine pa konpani kab la. Kidonk, li rekòmande ke kliyan kab analogik yo kontakte konpayi kab yo pou mande si yon bwat « set-up » pral nesesè, kilè li pral nesesè, epi eske pral gen frè pou peye.

Li enpòtan pou remake ke yon bwat « set-up » kab diferan de yon bwat konnvètè dijital-pou-analogik. Yon bwat konnvètè dijital-pou-analogik nesesè sèlman pou televizyon analogik k ap resevwa pwogram yo pa-lèzè avèk yon antènn tèt kay oubyen « zòrèy lapen » konekte sou aparèy la. Yon bwat konnvètè dijital-pou-analogik pa nesesè pou TV ki konekte a yon sèvis

televizyon pou peye tankou yon founisè TV kab oubyen satelit. Enfòmasyon sou nenpòt bwat « set-up » nesesè pou yon sèvis televizyon peye tankou kab ak satelit fèt pou jwenn nan men founisè sèvis yo.

Retounen nan Keson yo

Èske tranzisyon DTV a afekte aparèy TV ki konekte nan satelit yo ?

Tranzisyon an p ap afekte abone TV satelit yo ki ap resevwa estasyon TV lokal yo nan yon plat satelit. Sèvis TV satelit se yon sèvis dijital e tout abone yo fèt pou gen yon bwat « set-up » konekte nan aparèy TV yo pou yo kapab resevwa pwogram delivre sou satelit la. An rezulta, pap gen okenn chanjman nan sèvis abone satelit yo sòf si estasyon TV lokal la pa nan sèvis founisè satelit la. Si w abone a yon sèvis TV satelit, ou fèt pou cheke ak founisè w la pou konnen si w resevwa yon pake sèvis de estasyon TV lokal yo nan plat satelit la.

Retounen nan Keson yo

Bwat Konnvètè

Kisa Pwogram Koupon pou Bwat Konnvètè a ye ?

Pou ede kliyan yo ak transisyon DTV a, Gouvènman an tabli yon Pwogram Koupon pou Bwat Konnvètè Dijital-pou-Analojik. Administrasyon Nasyonal Telekomunikasyon ak Enfòmasyon (NTIA), yon branch Depatman Komès, ap administre pwogram sa a. Chak fanmi nan Lèzetazini elijib pou resevwa jiska de (2) koupon, yon valè \$40 chak, pou achte bwat konnvètè dijital-pou-analojik ki elijib. Depi janve 2008, NTIA deja kòmanse aksepte aplikasyon pou koupon. Koupon sayo kapab sèvi sèlman pou bwat konnvètè elijib yo ke yo vann nan magazin elektwonik k'ap patisce yo, e koupon yo fèt pou sèvi nan moman acha a. (Tanpri, remake ke koupon yo pral ekspire 90 jou apre yo fin voye yo). Fabrikan yo estime ke bwat konnvètè dijital-pou-analojik yo pral vann pou sòti \$40 rive \$70 chak. Se yon depans pou yon sèl fwa. Pou plis enfòmasyon sou Pwogram Koupon pou Bwat Konnvètè Dijital-pou-Analojik, vizite www.dtv2009.gov, oubyen rele 1-888-388-2009 (vwa) oubyen 1-877-530-2634 (data) (TTY).

Retounen nan Keson yo

Kilès nan bwat konnvètè dijital ale nan analogik ki elijib pou koupon ?

Administrasyon Nasyonal Telekomunikasyon ak Enfòmasyon (NTIA) ap kenbe yon lis de bwat ki elijib yo nan https://www.ntiadtv.gov/cecb_list.cfm.

Retounen nan Keson yo

Éske m kapab ploge plis pase yon televizyon ak yon vidyeo nan yon sèl bwat konnvètè dijital-pou-analojik ?

Ou pral bezwen yon bwat konnvètè dijital-pou-analojik pou chak aparèy TV oubyen lòt ekipman (tankou VCR) ki gen sèlman yon « tuner » analogik. Bwat konnvètè dijital-pou-analojik la kareman ranplase ‘tuner’ analogik la nan yon gress ekipman. Kidonk, si w vle sèvi ak TV ak VCR analogik yo an menm tan (pa egzanp, pou swiv yon pwogram pandan w ap anrejistre yon lòt an menm tan), ou pral bezwen de (2) bwat konnvètè dijital-pou-analojik.

Retounen nan Keson yo

Éske bwat konnvètè dijital-pou-analojik (ki sèvi pou konvèti difizyon TV dijital pa-lèzè pou gade sou aparèy analogik) konvèti sou-titraj fèmen dijital yo tou ?

Wi. Règleman FCC mande pou tout bwat konnvètè dijital-pou-analojik kapab konvèti sou-titraj fèmen dijital pa-lèzè pou yo kapab gade yo sou aparèy TV analogik. Wè <http://www.fcc.gov/cgb/consumerfacts/dtvcaptions.html>.

Retounen nan Keson yo

Mwen gen yon vye antènn ki tache sou TV a ak de (2) fil. Éske mwen pral kapab sèvi ak yon bwat konnvètè ak antènn sa a ?

Wi. Ou pral bezwen de (2) adaptè (ke yo rele « baluns » oubyen « transfòmatè konpatib », foto yo pi ba). Devise fil a de-tèt antènn la soti de terminal TV « Antenna in » la. Tache fil de-tèt antènn la nan terminal de-tèt la sou adaptè de-tèt la (premye foto pi ba a). Apre sa ploge konektè kowaksysal adaptè de-tèt la nan terminal « Antenna in » (RF) sou bwat konnvètè a. Ploge yon pwent fil kowaksysal la nan tèminal « Out to TV (RF) » sou bwat konnvètè a. Ploge lòt pwent la nan adaptè kowaksysal la (dezyèm foto a). Apre sa tache adaptè kowaksysal la nan tèminal de-tèt TV « Antenna In » la.



Enstale Bwat Konvètisè Dijital-pou-Analog (de baz ak antènn fil de-tèt)

Retounen nan Keson yo

Kesyon Jeneral

E pou TV analogik pòtab ki mache sou batri mwen an ? Èske mwen pral kapab sèvi avèk li pou swiv difizyon televizyon apre l7 fevriye 2009 ?

TV analogik pòtab ki mache sou batri gen dwa resevwa pwogram pa-lèzè apre 17 fevriye 2009 si yo konekte ak yon bwat konnvètè dijital-pou-analogik. Paske bwat konnvètè dijital-pou-analogik yo poko disponib, ou pral bezwen yon sous kouran ekstèn(deyò). Si konpayi sèvis kouran lokal ou a pa disponib, yon batri oubyen yon jeneratris ijans gen dwa kapab bay kouran nesesè pou bwat konnvètè a.

Epi tou, televizyon dijital pòtab ki mache ak bateri ap komanse vann sou mache a. Si televizyon pòtab ou a gen etikèt oubyen ekriti ak mo sa yo « Integrated Digital Tuner », « Digital Tuner Built-In », « Digital Receiver », oubyen « Digital Tuner », « DTV », « ATSC », oubyen « HDTV Built-In », alòs ou ta fèt pou kapab resevwa pwogram dijital pa-lèzè san w pa bezwen yon bwat konnvètè dijital-pou-analogik. Tanpri cheke ak yon vandè elektwonik pou konnen kilè y ap disponib epi pou jwenn plis enfòmasyon sou pwodwi sayo.

[Retounen nan Kesyon yo](#)

Èske radyo AM/FM nan TV analogik mwen an pral kontinye mache apre 17 fevriye 2009 ?

Menm si tranzisyon televizyon dijital la pa afekte difizyon radyo AM/FM, jan ke radyo entegre nan televizyon analogik w a mache pral depann de ki aparèy ou genyen ak konfigirasyon patikilye w la.

Si pa gen bwat konnvètè dijital-pou-analogik konekte sou aparèy kombinezon radyo/televizyon w la, radyo ki nan televizyon w la pral kontinye mache menm jan l te fè anvan an.

Si gen bwat konnvètè dijital-pou-analogik konekte sou aparèy kombinezon radyo/televizyon w la, epi aparèy la sèvi ak yon antènn ekstèn konekte nan bwat konnvètè a pou resepsyon radyo a, radyo a pral mache si bwat konnvètè dijital-pou-analogik la gen yon karaktè 'bay-pasaj'. NTIA a gen yon lis bwat ki kapab bay-pasaj pou analogik nan www.ntiadtv.gov/cecb_list.cfm (make ak yon ti zetwal [asterisk]). Radyo a pral mache tou si aparèy la pa konekte ak yon bwat konnvètè dijital-pou-analogik.

Si aparèy kombinezon radyo/televizyon an sèvi ak yon antènn separe pou radyo AM/FM ki pa konekte nan yon bwat konnvètè dijital-pou-analogik, li ta fèt pou resevwa difizyon radyo AM/FM ke aparèy la konekte ou pa, nan yon bwat konnvètè dijital-pou-analogik.

[Retounen nan Kesyon yo](#)

Radyo m nan aktyèlman kapab resevwa pati son (odyo) de chèn TV yo. Èske l ap kontinye apre 17 fevriye 2009 ?

Radyo ki fèt pou resevwa pati son nan difizyon TV analogik yo pap kapab resevwa pati son nan difizyon TV analogik yo. Ou gen dwa konsidere achte yon nouvo TV dijital pòtab oubyen radyo ki kapab resevwa pati son nan difizyon TV analogik yo pandan yap vinn disponib sou mache a.

[Retounen nan Kesyon yo](#)

Estasyon radyo AM/FM lokal mwen yo bay re-difizyon de son nan yon chèn TV. Èske estasyon radio a pral kontinye sèvis sa a apre 17 fevriye 2009 ?

Pati son ak vidyeo nan yon siyal televizyon dijital òganize yon jan ki nesesite ke w enstale ekipman anplis pou kontinye sèvis re-difizyon AM/FM pati son nan estasyon TV yo. Tanpri,

cheke ak radyo difizyon AM/FM lokal w yo pou konnen si yap kontinye re-difizyon pati son nan chèn TV yo.

[Retounen nan Keson yo](#)

Estasyon televizyon lokal mwen an ap bay re-difizyon estasyon radyo AM/FM nan yon chènn televizyon. Èske mwen pral toujou kapab koute re-difizyon estasyon radio sa yo nan televizyon an apre 17 fevriye 2009 ?

Si estasyon televizy lokal w a bay re-difizyon estasyon radyo yo sou yon chèn gwo estasyon televizyon, ou pral bezwen yon bwat konnvètè dijital-pou-analojik pou gade chèn televizyon sa a epi pou koute nempò pati son nan yon TV analogik.

[Retounen nan Keson yo](#)

Èske estasyon televizyon dijital yo pral kontinye founi alèt pou ijans ?

Wi. Estasyon televizyon dijital yo oblige kontinye gen Sistèm Alèt pou Ijans (Emergency Alert System (EAS). Pou jwenn plis enfòmasyon sou EAS, tanpri vizite www.fcc.gov/cgb/consumerfacts/eas.html.

[Retounen nan Keson yo](#)

Kisa TV « fèb pwisans » (LPTV), Klas A, ak estasyon TV tradiktè yo ye ? E kouman tranzisyon DTV ap afekte yo ?

Ou gen dwa remake ke Kongrè a te dekrete ke estasyon TV plèn pwisans (« full power ») yo p ap kapab fè difizyon an analogik apre dat 17 fevriye 2009. Pandan pi fò estasyon difizyon TV ke yo swiv se estasyon plèn pwisans TV yo, gen twa (3) lòt kategori estasyon TV ki egziste – estasyon « fèb pwisans », estasyon « Klas A » ak estasyon « TV Tradiktè ». Aktyèlman pa gen limit pou estasyon sayo konvèti pou difizyon dijital.

FCC te fè sèvis televizyon fèb-pwisans (LPTV) an 1982 pou bay televizyon lokal nan ti lokalite yo opòtinite pou bay sèvis. Ti kominate sayo gen dwa nan seksyon riral oubyen se de ti kominate patikilye andedan yon vil. Estasyon LPTV yo opere pa divès gwoup ak òganizasyon ikonpri lekòl segondè ak inivèsite, legliz ak gwoup reliyyè, gouvènman lokal, biznis, gwo oubyen piti, ak endividé. Plis pase 2.100 estasyon LPTV lisansye ap opere. Pwogram LPTV yo gen dwa inkli sèvis pwogram sou satelit, pwogram sendike, sinema, ak yon laj varyete pwogram ki pwodwi nan lokalite a.

Estasyon TV Klass A yo se de ansyen estasyon LPTV ki gen sèten dwa pou yo jwenn pwoteksyon kont entèferans ke estasyon LPTV yo pa genyen. Estasyon sayo gen menm teknoloji ke estasyon LPTV yo, men okontrè de estasyon LPTV yo, yo fèt pou difize omwens twa (3) zedtan chak semènn pwogram ki pwodwi nan lokalite a epi swiv tout regilasyon ki pa teknik, ki aplikab pou gwo estasyon yo. Apepre 600 estasyon TV Klas A lisansye an operasyon kounye a.

Yon estasyon TV tradiktè re-difize pwogram gwo estasyon TV difiizyon yo. Estasyon tradiktè yo ap sèvi kominate ki pakab resevwa siyal estasyon TV pa-lèzè gratis yo paske yo twò lwen de yon gwo estasyon TV oubyen akòz pozisyon jeografik yo (yon teren inegal oubyen mòn). Anpil nan 4 700 estasyon TV tradiktè lisansye yo ap opere nan kote ki gen mòn oubyen zòn rekile nan peyi a.

Gen plizye fason pou detèmine si estasyon difizyon w ap gade pa-lèzè a (avèk yon antènn sou tèt kay oubyen « zòrèy lapen » tache sou TV w la) se yon estasyon LPTV, Klas A, oubyen TV tradiktè. Estasyon Klas A yo oblige idantifye tèt yo vizyèlman oubyen oralman pou kominate lisans yo a epi sou non yo (ki enkli tache lèt « -CA » ki vle di Klas A, nan nempòt mo) lè y ap ouvri ak fèmen difizyon yo epi chak inèdtan. Estasyon LPTV yo fèt pou idantifye non estasyon yo a

regilyèman. Lè pwogram lokal yo ap ouvri, yo fèt pou idantifye non estasyon an ak kominote lisans la vizyèlman ak oralman lè estasyon an louvri, lè lap fèmen epi chal inèdtan. Non LPTV yo gen dwa gen kat (4) lèt ki gen dèyè yo « -LP » (fèb-pwisans) oubyen, senk (5) lèt t ki kòmanse ak lèt K oubyen W, epi de (2) chif (chèn operasyon yo a) ak de (2) lòt lèt. Epitou, sèten TV tradiktè idantifye pa gwo estasyon TV ke yap re-difize yo. Anplis, estasyon LPTV, Klas A ak TV tradiktè yo gen dwa bay difizyon sou estati yo, ak inkli enfòmasyon sou tranzisyon DTV a.

Alòske 17 fevrye 2009 se dat pou yo fini difizyon analogik yo, li pa aplike pou estasyon TV fèb-pwisans, Klas A, ak TV tradiktè yo, FCC pral mande estasyon sa yo pou yo konvèti pou dijital nan kèk tan apre. Preske 2.000 estasyon sayo te jwenn pèmisyon pou konstwi enstalasyon dijital epi gen kèk ki deja ap fè difizyon nan dijital. FCC a ap konsidere kounye a, rès kesyon ki an rapò ak transisyon dijital fèb-pwisans yo epi pral pran desizyon pou l'avni estasyon sayo

Si w gen yon televizyon analogik sèlman k ap resevwa pwogram gratis pa-lèzè (ak yon antènn sou tèt kay oubyen yon 'zorèy lapen' sou TV a), ou pral bezwen achte yon bwat konnvètè dijital-pou-analogik pou w kapab swiv difizyon televizyon. Chak fanmi ameriken elijib pou l resevwa de (2) koupon ki pral sèvi pou achte de (2) bwat konnvètè dijital-pou-analogik. Administrasyon Nasyonal Telekomunikasyon ak Enfòmasyon ap administre pwogram koupon an. (Tanpri remake ke koupon sayo pral ekspire 90 jou apre yo poste). Ou kapab jwenn plis enfòmasyon nan www.dtv2009.gov, oubyen lè w rele nan 1-888-388-2009 (vwa) oubyen 1-877-530-2634 (data(TTY)).

Si w achte yon bwat konnvètè dijital-pou-analogik pou w swiv difizyon dijital sou yon TV analogik epi w vle kontinye gade estasyon TV analogik LPTV, Klas A oubyen TV tradiktè, ou dwe achte yon bwat konnvètè dijital-pou-analogik avèk yon kapasite « bay-pasaj analogik » ki pèmèt siyal difizyon analogik yo pase nan bwat konnvètè a pou yo ale nan TV analogik la. Pwogram Koupon pou Bwat Konnvètè TV de NTIA gen de modèl bwat konnvètè ki sètifye yo genyen kapasite « bay-pasaj » la. W ap jwenn lis modèl bwat konnvètè ki elijib pou koupon nan https://www.ntiadtv.gov/cecb_list.cfm. Modèl bwat konnvètè ki gen kapasite « bay-pasaj » analogik yo make sou lis la ak yon ti zetwal (asterisk) akote yo. Deplis, NTIA pral poste yon lis bwat konnvètè ki elijib pou koupon, ak yon zetwal pou sa ki gen kapasite « bay-pasaj » yo, bay chak fanmi ki resevwa koupon pou bwat konnvètè yo. Ou gen dwa cheke ak vandè yo pou konnen si bwat w ap achte a gen kapasite « bay-pasaj » analogik.

Si w achte yon bwat konnvètè dijital-pou-analogik ki pa gen kapasite « bay-pasaj », ou gen dwa konekte yon bouton antènn oubyen yon « separate »(splitter) pou kontounen bwat la si w vle swiv difizyon TV analogik la. Cheke ak fabrikan bwat konnvètè dijital-pou-analogik epi vandè a si w bezwen enstriksyon sou kijan pou konekte bwat la pou w kapab swiv difizyon nan toulede, estasyon dijital ak analogik.

Kliyan yo fèt pou jwenn enfòmasyon pou estasyon TV LPTV, Klas A ak TV tradiktè yo sou plan pou konvèti difizyon analogik ale nan dijital. Kliyan yo fèt tou pou vizite www.fcc.gov pou dènye enfòmasyon sou tranzisyon dijital estasyon TV fèb-pwisans, Klas A ak TV tradiktè.

Lis pou tout Estasyon TV Klas A, LPTV, ak TV Tradiktè: [Excel](#)

Zouti Rechèch pou Estasyon Televizyon Kouran-Ba

[Retounen nan Keson yo](#)

Ki possiblite mwen genyen pou m gade difizyon TV analogik pa-lèzè de LPTV oubyen estasyon tradiktè apre tranzisyon dijital la ?

Pou w swiv difizyon estasyon LPTV ak TV tradiktè ke w resevwa nan yon antènn, ou gen dwa swiv youn oubyen plis nan sa ki anapre :

- Kenbe TV analogik a konekte nan yon antèn difizyon pou w kapab swiv difizyon estasyon LPTV ak TV tradiktè.
- Achte yon bwat konnvètè dijital-pou-analogik ki gen kapasite “bay-pasaj”. Pou yon lis aktyèl bwat konnvètè dijital-pou-analogik ki gen sètifikasyon NTIA ke li elijib pou Pwogram Koupon pou Bwat Konnvètè, ale sou https://www.ntiadtv.gov/cecb_list.cfm epi chèke bwat ki gen zetwal (asterisk*) akote yo. “Bay-pasaj” analogik la pèmèt w swiv difizyon televizyon analogik ansanm ak difizyon televizyon dijital sou bwat konnvètè a.
- Achte yon bwat konnvètè dijital-pou-analogik san kapasite pou « bay-pasaj » analogik, epi konekte yon « separate » oubyen yon bouton pou antèn pou w kapab resevwa toulède difizyon yo, analogik ak dijital. Cheke ak vandè elektwonik w a si w bezwen enstriksyon sou kòman pou w konekte bwat la pou l pèmèt w gade toulede difizyon sou estasyon analogik ak estasyon dijital.
- Achte yon aparèy televizyon dijital. Yon televizyon ki gen yon « tuner » enstale ladann kapab resevwa toulede estasyon dijital ak analogik, kidonk ou pral kapab gade toulede pwogram yo epi pwogram estasyon analogik LPTV ak TV tradiktè osi lontan ke estasyon sayo ap kontinye bay difizyon an analogik.
- Enskri nan yon sèvis televizyon kab oubyen lòt kalite sèvis peye ki bay difizyon estasyon analogik ke w vle gade yo.

Retounen nan Kesyon yo

Èske mwen pral kapab sèvi ak kontwòl paran tankou « V-chip » la ak TV dijital la menm jan mwen kapab fè l kounye a ak TV analogik la ?

Wi. « V-chip » la se yon teknoloji ki pèmèt paran bloke pwogram televizyon baze sou evalyasyon pwogram yo. Evalyasyon an nan yon kòd andedan siyal televizyon an. « V-chip » la li enfòmasyon an kòd sou siyal chak pwogram epi bloke pwogram yo selon sa paran yo seleksyon yo. Règleman FCC mande pou « V-chip » enstale andedan televizyon dijital yo ak lòt aparèy pou resevwa DTV menm jan yo ye nan telvizon analogik yo. Ou kapab aprann konnen evalyasyon sistèm la, ke yo rele tou « Gid Paran pou Televizyon » (TV Parental Guidelines) nan www.fcc.gov/vchip.

Retounen nan Kesyon yo

Poukisa imaj sou televizyon dijital la pa plen tout ekran an ? Poukisa ba anwo ak anba oubyen soulekote imaj la parèt ak diferan pwogram ?

Televizyon analogik tradisyonèl yo gen yon fòm apeprè 4X3 (preske kare). Savledi ke yon ekran TV gen apeprè 4 pouz lajè pou chak 3 pouz wotè. Laplipa televizyon dijital yo gen yon fòm 16X9 (rektang) e yo rele yo « ekran laj » (widescreen). Fòm 16X9 la samble anpil ak yon ekran sinema epi pwogram ki gen fòm sa a ap ogmante jou apre jou.

Lè fòm pwogram yo pa matche ak aparèy televizyon an, ba ki anwo ak/oubye soukote imaj la gen dwa parèt pou asire ke imaj la pa defòme.

Pou l kapab byen montre yon imaj 16X9 sou yon aparèy 4X3, televizyon dijital ou a oubyen bwat konnvètè digital-pou-analogik gen dwa plase ba anwo ak anba imaj la – yon pwosedi yo rele « letterboxing ».



Menm jan an, pou montre korèkman yon imaj 4X3 sou yon aparèy 16X9, yo gen dwa mete ba soulekote ekran an – yon pwosedi yo rele « pillar boxing ».



Epitou, gen de pwogram ki « letterboxed » oubyen « pillar boxed » pandan difizyon an. Pa egzanp, anpil reklam fèt an analogik avèk yon fòm 4X3, men yo difize yo ak « letterboxing » pou yo parèt pi « modèn » epi pou kite plas pou ekri oubyen « sou-titraj ». Lè reklam sa yo ap pase pandan yon pwogram pou ekran laj (16X9), li pral nan fòm « pillar-boxing » tou. Rezulta a se yon difizyon nan fòm 16X9 ki deja gen ba anwo ak anba. Lè w gade yon difizyon sou yon aparèy 16X9, ou wè bar ki parèt anwo, anba oubyen soulekote – yon rezulta yon rele « postage stamp ».



Anpil bwat konnvètè dijital-pou-analogik ak televizyon dijital pèmèt ou agrandi (zoom) imaj la pou elimine ba yo. Sa gen dwa lakòz pati imaj la koupe oubyen « taye ». Kèk bwat konnvètè dijital-pou-analogik ak televizyon dijital bay posiblite tou pou chanje imaj la pou i ranpli ekran an, oubyen pa « etirman » (stretching) oubyen pa « konpresyon »(squeezing). Tanpri konsilte liv pwopriyetè televizyon dijital ou a oubyen bwat konnvètè dijital-pou-analogik la pou jwenn detay sou kouman pou elimine ba yo pa agrandisman, etiraj oubyen konpresaj de imaj sou ekran an.

[Retounen nan Keson yo](#)

Poukisa kèk pwogram parèt pi « klè » pase lòt sou televizyon dijital la ?

Selon aparèy televizyon ou genyen an, ou gen dwa remake ke definisyon imaj la ap chanje ant pwogram. Avèk televizyon ki gen wot definisyon, chèn oubyen pwogram ki gen bas definisyon pral parèt nan bas rezolisyon yo a. Kidonk, lè w chanje chèn oubyen pwogram ki difize sou definisyon pi wo sou yon chèn oubyen pwogram ki gen definisyon pi ba ou pral gen pèt nan kalite imaj la.

Definisyon ke difizè yo itilize gen dwa enkli :

<p>Televizyon Definisyon Estanda (Standard Definition TV) (SDTV) - SDTV se nivo de baz kalite difizyon ak definisyon pou toulede analogik ak dijital. Transmision SDTV gen dwa oubyen tradisyonèl (4X3) oubyen ekran laj (16X9) epi yo genyen 480 liy trese pou rezolisyon.</p>	 SDTV STANDARD DEFINITION TELEVISION
<p>TV Definisyon Amelyore (Enhanced Definition TV) (EDTV) - EDTV se yon pa anplis televizyon analogik ak televizyon dijital Definisyon Estanda. EDTV vini nan ekran laj (16X9) oubyen tradisyonal (4X3) epi li bay 480 liy pwogresif de definisyon. Se apepre de fwa kantite definisyon de SDTV a e se fòm ke w jwenn pi souvan sou DVD yo.</p>	 EDTV ENHANCED DEFINITION TELEVISION

TV Wot Definisyon (High Definition TV) (HDTV) - HDTV nan fòm ekran laj (16X9) founi definisyon pi wo ak kalite imaj de difizyon dijital. Li konsiste de oubyen 1080 liy trese oubyen 720 liy pwogresif de definisyon epi enkli kapasite pou transmèt son dijital « toutotou » (surround).



Pou kapab jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale nan www.dtv.gov/DTV_booklet.pdf.

Retounen nan Keson yo

Dènye revizyon/mizajou le 11/09/08